


Kesyon Esansyèl: Kisa ou kapab fè pou w jwenn enfòmasyon ou bezwen an?



Kote Mòn rankontre ak Lalin

Sa a se yon istwa pou timoun ki pale sou pèsonaj imajinè ki gen pouvwa majik. Lontan lontan, nan peyi Lachin, yon jenn tifi ki rele Minli t ap chèche yon Mouche Granmoun Sou Lalin. Pèsonaj misterye sa te gen pouvwa pou l di desten chak moun apatide yon liv Pòtbonè. Piske li kapab reponn tout kesyon, Minli te espere Mouche Granmoun sa kapab ede l chanje **destine** fanmi li ki te pòv anpil. Kòm lap travay pou l twouve Granmoun sa, li rankontre anpil pèsonaj ki ba li konsèy pou gide l. Yon dragon ki te chape poul li depi lontan soti anba men chef tèrib Majistra Tig la te decide vin jwenn li. Yo te vwayaje ansanm al nan vil Lalin Klè briyan an kote yo tap chèche rezoud yon siy etranj. Minli dwe twouve gadyen vil la pou l mande yo yon “liy prete” pou l pote bay Mouche Vye Granmoun sou Lalin nan. Byenke Menli sispèk Gadyen sa y ap pale a se wa vil la pou l ye, li vle konnen kisa “liy prete” sa kapab ye. Pandan Dragon an kache epi rete dèyè baryè vil la, Minli fofile kò l antre nan pale wa a anndan Vil la. Kon li rankontre ak wa a, li mande l pou “liy prete” a. Demann dwòl sa fè wa a sonje yon sèten paj yo di ki te prete nan liv Pòtbonè a. Wa a devwale sa gen lontan, zansèt li, Majistra Tig, te pase nan vil la, epi se li menm nan kolè li ki te dechire paj sa nan liv la.

«Li chire yon paj nan Liv Pòtbonè a!» Minli di. Wa a reponn «Wi». Men, li pa kapab dechifre l limenm tou. Papye sa vin pa itil li anyen. Wa a te montre Minli paj liv sa, Li te pliye. Wa a di paj liv sa pase plizyè jenerasyon. Li di ankò se gran granpapa l ki te dekouvri

5^{èm} Ane

se nan sèl limyè lalin yon moun kap wè mo nan papye a. Minli wè papye a klere vreman nan limyè Lalin nan. Li dekouvri yon liy ki ekri ak mo pal nan yon lang li pa janm wè anvan. Wa a di: «Mwen panse liy ki parèt nan paj yo dechire nan liv Pòtbonè a se “pasaj prete” w ap chèche a. Minli di ak yon eksitasyon: «Natirèlman, se sa li dwe ye». Men eksitasyon li a vin yon jan bese lè li sonje kouman wa a te pran swen pou l sere paj liv la presyèzman nan yon sak bò kou li. Li wè l ap enposib pou wa a ba li yon trezò li ancheri anpil.

Wa a fè Minli konnen kouman gran, gran papa l te pran anpil tan pou l te ka dechifre mo nan liy sa. Sa k te parèt misterye pi plis se jan mo sa yo te chanje pou chak sityasyon ki pouse wa Vil Lalin Klè yo al **konsilte** papye sa. Minli te vle konnen si li di yo sa pou yo fè. Wa a te di l “wi” ak yon souri tankou moun k ap pran plezi sou li. Tousuit apre Minli wè wa a bese tèt li epi li enkyete lè l ap gade liy la. Minli mande: «Kisa li di?» Wa a reponn ni: «Li di: Ou pèdi sèlman sa w rete kole sou li a.» Tandiske Minli rete an silans ap reflechi sou tout sa l sot tande a, li wè paj la k ap flote nan yon ti briz van kòm si l ap fè li siy. Lapoula, wa a di: « Sanble demann ou a merite **konsiderasyon**. Liy la di mwen sa. Kite m reflechi.» Minli gade wa a yon jan vag.

Kesyon: Pouki sa wa a panse paj la se «pasaj liy prete» a? Kisa li pral fè avè l?

Wa a te tonbe ap esplike Minli ankò kouman, pandan anpil tan, fanmi li te pwoteje papye sa tèlman byen yo te oblije ap mache avè l sou yo. Men li vin reyalize papye a se byen Liv Pòtbonè a li ye, yon liv ki pa gen mèt. Si l chwazi pou l pa kenbe l ankò, li p ap pèdi anyen. «M ap



sèlman pèdi atachman mwen te gen pou li a». Wa a voye je l gade papye a ankò, li gade Minli

apresa, epi li di ak yon souri: «M ap ba ou “pasaj prete” a, men mwen konnen m pa pèdi anyen.» Minli te tranble lè wa a tap depoze “pasaj prete” a nan men li.

Reponn Kesyon sa: *Poukisa Wa a bay Minli pasaj prete a?*

Dragon tap tann deyò vil la anwo pyebwa yo. Lè Minli te disparèt li te reyalize kouman li te sèl epi kouman li te bezwen yon zanmi. Alò nan dezyèm nuit la, li te apwoche vin bò kote vye lyon estati wòch yo ki devan baryè vil trankil sa. Lè Lyon yo wè li, yo tonbe ri byen fò. Li mande yo «Eske m komik!» Li te sezi lè li wè yon ti lyon ki tap ri, reponn li konsa: «Wi ou komik anpil!» La menm femèl Lyon an di: “Ou pa konnen ou pa dwe ri yon dragon k pèdi. **Dayè**, yo pase nou lòd pou nou pa fè mouvman an **prezans** lòt”. Ti Lyon an di: “Li se yon dragon, li pa yon moun. Li komik epi li mache sou pwent pye tankou yon sourit. Regleman sa pa valab pou li”. Papa Lyon an gwonde: “Xiao Mao”. Ti Lyon an fèmen bouch li lamenn.

Aprè tout bagay sa yo, Dragon an mande yo: “Nou vivan toutbon?” Yo di: “Wi nou vivan”. Ni tè wap mache sou li a ak branch bwa yo, tou.” Ti Lyon an mande l : “Bon, Sa w ap fè isit la? Dabitid dragon pa desann sou tè a. Eske ou pèdi?” Lè dragon wè yo pa sanble bèt ki pa zanmi ak li, li rakonte yo tout istwa sou li: depi lè li te fèt, lè li tap viv nan forè, lè li te rankontre Minli ak lè yo te deside vwayaje pou yo te jwenn pasaj “liy prete” a ak Mouche Granmoun sou Lalin nan. Ti Lyon an di: “Ou se youn nan Majistra Tig yo.” Gason Lyon an tonbe rakonte dragon an tousuit pwoblèm yo te gen ak yon majistra ki tap viv nan vil sa. Moun li te gen avè l yo te kowonpi epi renmen lajan anpil. Li te pran yon boul won li te gen nan men li epi li montre yon fisi ansyen ki te bouche ak pousyè tè. Li di: “Puiske nou te gadyen vil la, nou te enkyete anpil lè nou wè kouman vil la te komanse ap fann. Alò, dragon an mande yo: “E ki sa nou te fè?”

5^{vèm} Ane

Yon chenn desten

Nou te pè pou vil la pat fè de bout paske twòp vyolans te fè fant la vin pi laj. Yon lè nan lannuit alòske nou te pedi espwa, nou wè yon figi ap mache sou Lalin klere a. “Nou rekonnèt tousuit Mouche Granmoun sou Lalin nan paske li te gen avè l yon gwo liv ak yon ti sak. Epi nou rele l. Nou di: “Tanpri souple, ede nou fè vil la rete kole ansanm”. Mouche Granmoun nan gade nou ak figi fennen nou yo, fant laj nan glòb la epi li chita devan nou. Li louvri liv li a, lap balance tèt li tou Dousman pandan lap pase fèy paj yo. Li pran anpil mini tap konsilte liv la. Finalman, li louvri sak li epi li ban nou yon fil wouj. Mouche Granmoun nan di: “Kenbe sa jiskaské nou gen bezwen pou nou sèvi avè l.” Apresa, li fèmen liv li epi li ale san li pa rete tandè remèsiman nou yo.

Nou konnen li te ban nou yon kado mèvèy, yon kòd ki la pou pou ini pèp yo ansanm. Se te yon chenn desten. Li pati, li pa kite nou ak okenn enstriksyon. Men nou te toujou ap veye esfè nou an. Sepandan nou pa itilize fil sa pou nenpòt bagay eksepte pou lè **sikontans** yo vin pi difisil. Erezman, krak la pat janm louvri pi plis. Pitit wa a egzile papa l ak tout ofisyèl li yo. Moun yo te vin antann yo epi lapè retounen nan vil la. Fant la vin bouche ak pousyè tè ansanm ak wòch. Nou pa janmen sèvi avè l.

Lè mal lyon an fin pale, li leve pat li pou li **devwale** yon liy fil wouj plati anba l. Lapoula, Dragon an di li:” Sa se liy pasaj prete a Minli di pou l te pran nan men Gadyen vil la. Si w son gadyen, enben se “liy prete” a sa. Lyon an di: “Mwen sipoze se limenn, epitou ondire mwen kenbe l twò lontan nan men m! M ap ba w li.” Lyon an depoze l nan men dragon an.



Minli tap dòmi nan Jaden Anprè a. Lè l reveye nan aswè, li wè yon panye akote l ki te gen tout sa l bezwen. Anlè sak dore sa, li wè paj chire pòtbonè a. Minli pran sak la epi li kenbe l ak toulede men l. Li di: “Se byen! Kounye a mwen genyen liy pasaj prete a. Omwen m espere se limenm sa”. Apre l fin dejene rapidman, Minli mache tou dousman pou l soti kite paviyon kote l te ye a. L ap fè yon jan pou l pa rankontre ak konseye wa yo. Li fofile kò l nan pòt sekre pale a ki debouche nan Vil anndan an pou l al jwenn Dragon an k ap tann li deyò baryè vil la. Lè l soti nan jaden an, li wè li pankò te fin jou nèt, alò li kouri al nan baryè a ki louvri ak yon poto metal li twouve atè a. Soti li soti, li sezi wè Dragon an kap dòmi devan estati lyon yo. Minli bay Dragon an de tikoutpye pou l reveye. Li te panike lè Dragon an baye. Men yo gen tan kouri al kache nan forè a anvan yo wè yo. Ni Dragon, ni Menli di youn lòt yo genyen «liy pasaj prete a.» Dragon an gade paj chire Minli a, Minli gade kòd wouj ki nan men Dragon an. Dragon mande Minli: “Kilès ki liy pasaj prete a toutbon vre.” Minli di: “Sa se yon kesyon pou nou ta va poze Mouche Granmoun sou Lalin nan.”